Tradiksyon kòtwazi. Si gen nenpòt diferans ant tradiksyon sa a ak orijinal an angle a, se orijinal an angle a ki gen priyorite.

ENFÒMASYON AK PWOSESIS JESYON RANBLÈ
WEAVER'S COVE INDUSTRIAL PARK LLC

Weaver's Cove Industrial Park LLC, 1 New Street, Fall River, MA

Pwojè Reyitilizasyon Tè nan Plan Jesyon Ranblè a

Novanm 2026

ENTWODIKSYON

Le 1ye me 2026, Weaver's Cove Industrial Park LLC ("WCIP"), ki se Pwomotè Pwojè a, te soumèt yon aplikasyon Plan Jesyon Ranblè ("FMP", an angle) bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts ("MassDEP") pou pwochen etap devlopman sit la (the "Project", "Pwojè a") nan 1 New Street ("Pwopriyete a") nan Fall River. Pwomotè a ap mande MassDEP apwobasyon pou l ka reyitilize tè pou ranpli, kouvri (bouche) epi devlope Pwopriyete vid la. Sa a se rezime WCIP sou Pwojè a ak pwosesis revizyon MassDEP pral swiv la. Gade Figi ki atache yo pou wè kote Pwojè a ye ak zòn ki deziyen pou Jistis Anviwònman.

MassDEP kontwole pwosesis reyitilizasyon tè nan sit dechaj (disposal sites) dapre Plan Ijans Massachusetts (Massachusetts Contingency Plan, "MCP") 310 CMR 40.0000. Kòm yon pati nan apwobasyon an, MassDEP pral bay WCIP yon Lòd Administratif pa Konsantman ("ACO") kòm Pwomotè Pwojè a ("Pwomotè"), paske WCIP vle pote tè pou leve nivo Pwopriyete a.

MassDEP pral revize aplikasyon WCIP a epi evalye kritè ki di ki tè Pwojè a ka aksepte ak kijan Pwomotè a pral aplike yo, apre Pwosesis Patisipasyon Piblik la fini jan sa eksplike pi ba a. Dokiman sa a se yon konpayon pou Fèy Enfòmasyon (Fact Sheet) yo pral distribye kòm pati nan Pwosesis Patisipasyon Piblik la, anvan MassDEP revize aplikasyon pou reyitilizasyon tè a.

OBJEKTIF

WCIP vle enpòte bon materyèl ranblè pou leve nivo Pwopriyete a epi kouvri sit la pou prepare l pou devlopman nan lavni, pou kreye nouvo travay epi ogmante baz taks Fall River, epi an menm tan mete plis ranblè sou ansyen aktivite Shell yo, jan sa eksplike pi ba a.

WCIP posede Pwopriyete vid la depi dis (10) ane, e li depoze FMP a nan MassDEP pou reyitilizasyon tè ki soti lòt kote sou ansyen Sit Tèminal Petwòl Shell la, pou leve nivo a epi kouvri kèk pati nan pwopriyete vid Weaver's Cove la ki gen 50 akr (acres). Depi li te achte Pwopriyete a an 2016, WCIP travay ak Shell ak Vil la sou netwayaj (remedyasyon) Shell ap fè sou Pwopriyete a. WCIP retire gwo tank depo petwòl ki te lèd yo epi li ranplase pon pou antre sou Pwopriyete a pou ekipman ak machin ka pase.

ISTWA PWOPRIYETE NEW STREET LA

An 1920, Pwopriyete a te tounen yon tèminal petwòl. Premye pwopriyetè ak operatè l se te New England Oil Refining Company, jiska anviwon 1929. An 1929, Shell Oil Company ("Shell") te achte Pwopriyete a epi li kontinye sèvi avè l kòm enstalasyon depo ak distribisyon petwòl jiska anviwon 1995. Apre sa, depo ak distribisyon komèsyal pwodui petwòl te sispann. Plizyè devèsman petwòl te rive sou Pwopriyete a ant ane 1920 yo ak ane 1990 yo, lè l te sèvi kòm tèminal petwòl. Yo te fèmen

tèminal la nan ane 1990 yo, lè yo te retire petwòl an gwo kantite nan tank depo yo ak nan tiyo ki te konekte avè yo. MassDEP te idantifye Shell kòm antite ki responsab devèsman yo, e Shell te aksepte pou l kontinye netwaye tè ak dlo anba tè Pwopriyete a, atravè yon Avi Responsablite MassDEP te pibliye. Shell te siyen yon akò ak DEP pou l netwaye oswa retire kontaminasyon an, e netwayaj Shell ap fè a respekte Règleman DEP yo anba Nimewo Swivi Devèsman (Release Tracking Number) 4-0749.

Okòmansman, Pwopriyete a te gen de lo ki te fè anviwon 69 akr, jiskaske Massachusetts Bay Transit Authority ("MBTA") te achte Lo 2, ki te gen anviwon 19 akr, an 2020 pou fè yon enstalasyon pou tren rete (layover facility). Dapre dosye Evalyatè (Assessors) Fall River ki disponib yo, Pwopriyete a kounye a se yon sèl lo, idantifye kòm T-02-0001, ki gen anviwon 50 akr. Pwopriyete a vid kounye a, eksepte kèk enfrastrikti ki rete nan tèminal Shell la, tankou de ti bilding biwo ak kèk ti depo. Pwopriyete a gen yon sistèm waf/pye (dock/pier) ki antre nan rivyè Taunton. Kòm pati nan plan devlopman li, WCIP te retire uit ansyen tank depo Shell ki te anlè tè sou Sit la, e se sèlman mi beton ak pye beton ki rete. Kounye a, Pwopriyete a gen yon sistèm aktif pou ponpe, trete ak rekipere dlo anba tè, Sovereign Consulting Inc. jere pou Shell depi anviwon 2015. Aksyon netwayaj Sovereign yo ap kontinye pandan aktivite reyitilizasyon tè WCIP yo, e yo p ap bloke FMP a.

ETAP JISTIS ANVIWÒNMAN

Depi aplikasyon Jesyon Ranblè a depoze, WCIP oblije respekte règleman Enfòmasyon Piblik ak Jistis Anviwònman DEP pou pwojè nan Fall River anvan MassDEP revize aplikasyon an. Objektif revizyon enfòmasyon piblik ak jistis anviwònman an se asire piblik la ak Vil la patisipe anvan DEP kontinye revize aplikasyon an.

Règleman Jistis Anviwònman ("EJ") MassDEP yo baze sou lide ke moun ki rete Fall River dwe konnen aktivite yo pwopoze nan kominote yo, epi yo dwe gen chans pou yo viv byen nan yon anviwònman pwòp ak an sante. EJ reprezante lide ke tout moun dwe ka patisipe vrèman nan kreyasyon, egzekisyon ak aplikasyon règleman anviwònman yo, ansanm ak yon distribisyon jis avantaj anviwònman yo. MassDEP sèvi ak done resansman Etazini pou idantifye gwoup blòk resansman ki deziyen kòm zòn jistis anviwònman, dapre kritè tankou revni, pousantaj popilasyon minorite, ak aksè nan lang. WCIP angaje pou asire moun ki rete nan zòn EJ yo gen chans pou yo patisipe vrèman nan aktivite yo pwopoze nan kominote yo. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis pwogram EJ MassDEP a, tanpri vizite https://www.mass.gov/environmental-justice oswa ou ka kontakte Debbie Marshall-Hewlitt, Kowòdonatris Jistis Anviwònman nan Biwo Rejyonal Sidès MassDEP, nan Deborah.marshall-hewlitt@mass.gov , (774) 384-3564.

WCIP oblije gade popilasyon ki nan yon reyon yon (1) mil otou enstalasyon ki vle sèvi ak tè pou kouvri yon sit epi siyen yon ACO dapre règleman EJ yo. Pwopriyete a gen ladan zòn EJ sa yo, ki parèt sou Figi ki atache yo:

- Seksyon resansman 6422 ak 6424 - Pòtigè
- Seksyon resansman 6420 – Pòtigè ak Panyòl
- Anplis, gen ti pousantaj trè piti moun ki pale kreyòl franse, koreyen (nan yon lòt seksyon resansman pase sa ki anba a), mon-khmè/kanbodyen, ak chinwa.

Done sa yo soti nan zouti EEA EJ Map Viewer nan https://www.mass.gov/info-details/massgis-data-2020-us-census-environmental-justice-populations.

Nan yon mil otou enstalasyon an, gen seksyon resansman kote omwen 5% popilasyon an gen moun ki pale pòtigè ak panyòl lakay elèv lekòl piblik, ki di yo pale yon lòt lang pase angle. Se poutèt sa, pral gen yon Avi sou Peryòd Kòmantè Piblik ki pral tradui an pòtigè, panyòl ak kreyòl ayisyen, epi yo pral distribye l nan kominote Fall River anvan MassDEP egzamine Pwojè a.

ENFÒMASYON SOU PWOJÈ A

Non enstalasyon an:	Weaver's Cove Industrial Park LLC
Kote l ye:	One New Street, Fall River MA
Enfòmasyon Piblik FMP soumèt:	Me 2026

Pwosesis jeneral pou aksepte tè ki soti lòt kote sou Pwopriyete a, pou kouvri ak devlope l, pral gen ladan siyati yon akò ak MassDEP ak kondisyon sa yo pou pote tè sou sit la:

1. Dokimante kote tè sous yo soti, kijan moun ki bay tè a (jeneratè a) te sèvi ak tè sa yo nan tan pase, epi si sit la se yon Sit Dechaj ki anrejistre, jan MCP a defini l, pou anpeche materyèl danjere sou sit la;
2. Karakterize tè sous yo avèk yon deskripsyon fizik, analiz laboratwa ak egzamen sou teren jeneratè a fè, pou konfime pa gen materyèl danjere;
3. Konpare rezilta analiz tè yo ak Kritè Akseptasyon Tè pou Sit Ranblè a. Dapre ki kote yo ye sou Sit Ranblè a, tè yo dwe respekte kritè RCS-1 oswa RCS-2 jan MCP a defini yo, pou tè yo pa degrade Pwopriyete a;
4. Tè sous la pa dwe gen fatra solid ladan l ni move odè fò. Yo pa aksepte sou sit la okenn fatra endistriyèl, fatra danjere, labou (sludge) ni rès izin tretman dlo ize. Yo aksepte materyèl dragaj ki estabilize (ki seche) epi ki respekte egzijans tès FMP a e pou objektif pwojè sa a;
5. Pwofesyonèl Sit ki gen Lisans ("LSP") oswa Pwofesyonèl Anviwònman Kalifye ("QEP") jeneratè a dwe soumèt bay WCIP dokiman ki montre rezilta twa etap ki anwo yo, pou konfime tè ak materyèl yo pa danjere epi yo akseptab;
6. LSP WCIP a dokimante si tout bagay konfòm ak FMP a;
    a. Enspeksyon Asirans Kalite/Kontwòl Kalite ("QA/QC") ak enspeksyon o aza sou tè yo nan Sit Ranblè a anvan yo mete yo, dapre akò ak MassDEP, pou asire pa gen materyèl danjere;
7. WCIP ak LSP li bay jeneratè a (oswa jeneratè yo) Lèt Apwobasyon pou tè sous yo.
8. Planifye ak resevwa tè sous yo; epi mete ak swiv tè sous yo.

Elevasyon final yo pwopoze pou pati sid Pwopriyete a se anviwon elevasyon 38 sou bò lès, ki desann pou rive bò lwès nan elevasyon 28, ak yon pwofondè ranblè mwayèn anviwon 14 pye. Elevasyon final yo pwopoze pou pati nò Pwopriyete a ap anviwon 36 sou bò lès, ki desann pou rive bò lwès nan anviwon elevasyon 30, ak yon pwofondè ranblè mwayèn anviwon 16 pye. Yo prevwa Pwopriyete a pral enpòte jiska anviwon 600,000 yad kib pou fini Pwojè a.

WOUT KAMYON AK LÈ TRAVAY POU DIMINYE ENPAK POSIB

Men kijan yo pral mete tè yo:

1. Kamyon ap antre ak soti sou Pwopriyete a sèlman pa New Street soti nan Route 79, ki mennen dirèkteman sou Sit la nan direksyon katye a, oswa livrezon pa chalan (barge) sou rivyè Taunton;

pou diminye trafik kamyon

2. Lè travay yo se 7:00 AM a 5:00 PM, lendi rive vandredi.
3. Pa gen fè liy anvan 6:30AM bò balans lan, nan pakin lokal yo, ni nan lari ki toupre yo. Balans lan pral anndan Sit la, kidonk yo pa prevwa okenn kamyon deyò limit Pwopriyete a.
4. Sèvi ak fren motè oswa "jake brake" ENTÈDI NÈT.
5. Livrezon yo pèmèt sèlman pandan lè travay enstalasyon an/balans lan, e sèlman ak kamyon ki kouvri.
6. Depi yo fin dechaje tè yo, chajè/eskavatè pral mete yo nan zòn travay la.
7. Yo pral mete dlo ak/oswa lòt pwodui kont pousyè regilyèman sou pati anndan Pwopriyete a ki pa asfalte, pou kenbe ak anpeche pousyè.
8. Yo pral bale ak trete wout asfalte pou antre ak soti nan Sit Ranblè a chak jou pandan lè travay yo, toutotan y ap livre ranblè sou Sit la.

AVANTAJ POU ANVIWÒNMAN AN

Jan MassDEP mande l, men yon deskripsyon avantaj yo ak nenpòt chay (pwa) jan yo defini nan Lwa ki Kreye yon Kat Wout Nouvo Jenerasyon pou Politik Klima Massachusetts (An Act Creating a Next-Generation Roadmap for Massachusetts Climate Policy), Mass. Acts, c. 8, § 56 (2021).

Pi gwo avantaj pou anviwònman an se transfòme Sit Dechaj MassDEP ki vid kounye a an yon byen pou kominote a. FMP a pral pèmèt pwochen etap pwosesis devlopman WCIP a avanse ak travay anvan konstriksyon, pou itilizasyon komèsyal ak endistriyèl nan lavni sou Pwopriyete vid la. Mete tè ak amelyore sit la pral bay pwopriyete a yon nivo egal, kouvri l, amelyore l, epi kreye travay konstriksyon ak travay pèmanan ak lokatè ak pwopriyetè ki pral sou sit la. Objektif WCIP se mete ansanm ak Vil la pou transfòme Sit Brownfield (teren kontamine) sa a ki pa byen itilize an yon sit itil pou plizyè kalite aktivite, ak aksè pa rivyè Taunton, ray tren ak otowout, sa ki fè l atiran pou devlopman nan lavni.

Enpak tanporè posib Pwojè a sou anviwònman an limite a trafik kamyon baskil k ap transpòte tè sou Pwopriyete a, ak ekipman dizèl pou deplase tè k ap mete tè a sou Pwopriyete a. Yo pral kontwole pousyè ki ka soti nan tè a ak dlo ak lòt mezi kontwòl pousyè lè sa nesesè. Yo pral regle danje sekirite kamyon ki kanpe oswa ki fè liy nan lari toupre yo, lè yo limite lè pou antre. Trafik kamyon pou New Street ap soti nan Route 79 al nan New Street dirèkteman nan zòn Pwojè a, san l pa antre nan lari minisipal lokal yo. Yo pral regle chay anviwònman yo ak mezi pou diminye enpak pandan operasyon Pwojè a, jan rezime pi wo a.

KALANDRIYE PATISIPASYON PIBLIK POU JISTIS ANVIWÒNMAN

WCIP kòmanse kontakte otorite Vil la ak òganizasyon kominotè yo pou pale sou plan devlopman sit la ak Pwojè Reyitilizasyon Tè a. Yo pral bay oswa yo deja bay avi piblik pou reyinyon piblik la, kote yo pral prezante Pwojè a bay piblik la pou reponn kòmantè ak kesyon. Apre sa, pral gen yon peryòd kòmantè, e WCIP pral reponn tout kòmantè ak kesyon yo.

KIJAN POU BAY KÒMANTÈ


MassDEP pral kòmanse revizyon li apre li resevwa rezime kòmantè piblik yo ak repons WCIP bay kòmantè yo. Enfòmasyon ki disponib yo deja la pou piblik la gade sou paj entènèt WCIP kreye a. Voye kòmantè pa imèl oswa pa lapòs bay Joseph P Salvetti nan adrès Enfòmasyon Kontak ki pi ba a.

https://weaverscove-soil-reuse.netlify.app/

Lè MassDEP fin revize FMP yo soumèt la, l ap pibliye yon desizyon pwopoze, ak yon peryòd 30 jou pou kòmantè piblik. Enfòmasyon sa a ap afiche tou sou paj entènèt WCIP a.

Enfòmasyon kontak WCIP

Weaver's Cove Industrial Park LLC
Joseph P Salvetti, LSP / Principal
Civil & Environmental Consultants, Inc.
31 Bellows Road, Raynham, MA 02767
Selilè (Mobile): (508) 509-7393
Imèl (Email): jsalvetti@cecinc.com



LEGEND

EXISTING SUBJECT PROPERTY LINE

PROPOSED TRUCK ROUTE

SCALE IN FEET

0 500 1,000

REFERENCE

1. PHOTOIMAGERY OBTAINED VIA BING AERIAL MAPS, DATED NOVEMBER 4, 2026.
2. PROPERTY BOUNDARIES OBTAINED VIA GIS MASSMAPPER, DATED NOVEMBER 4, 2026.

ENGINEERING, SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTURE IN THE STATE OF NORTH CAROLINA WILL BE PROVIDED BY CEC SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTS OF NC, PLLC. SERVICES IN PUERTO RICO WILL BE PROVIDED BY CEC ENGINEERS & CONSULTANTS, LLC. LANDSCAPE ARCHITECTURE SERVICES IN THE STATE OF OHIO WILL BE PROVIDED BY CEC LANDSCAPE ARCHITECTS, LLC.

Civil & Environmental Consultants, Inc.

31 Bellows Road
Raynham, MA 02767

Ph: 774.501.2176


www.cecinc.com

WEAVERS COVE
1 NEW STREET
FALL RIVER, MASSACHUSETTS

SUBJECT PROPERTY MAP

DRAWN BY:	AF	CHECKED BY:	MEE	APPROVED BY:	JPS	FIGURE NO.:	1
DATE:	NOVEMBER 2026	DWG SCALE:	1"=500'	PROJECT NO:	355-445		

P:\350-000\355-445\-CADD\Dwg\EN01\355-445-EN01-Subject Property Map.dwg{1} LS:(11/6/2026 - afung) - LP: 11/6/2026 2:58 PM



LEGEND

SITE LOCATION

1-MILE RADIUS

2024 ACS: LANGUAGES SPOKEN BY 5% OR MORE OF THE POPULATION IN THE TRACT SPEAK A LANGUAGE OTHER THAN ENGLISH.

LANGUAGES SPOKEN IN HOUSEHOLDS WITHIN 1 MILE OF PROJECT SITE

Crioulo	1.5%
HaitianCreole	1.2%
Portuguese	7.9%
Spanish	8.7%

REFERENCE

1. BASEMAP FROM ESRI ACCESSED VIA AUTODESK, DATED NOVEMBER 5, 2026.
2. 2020 ENVIRONMENTAL JUSTICE BLOCK GROUPS DATA BASED ON DATA FROM THE CENSUS BUREAU'S AMERICAN COMMUNITY SURVEY TABLE C16001 VIA MASS.GOV.

SCALE IN FEET

0 2,000 4,000


ENGINEERING, SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTURE IN THE STATE OF NORTH CAROLINA WILL BE PROVIDED BY CEC SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTS OF NC, PLLC. SERVICES IN PUERTO RICO WILL BE PROVIDED BY CEC ENGINEERS & CONSULTANTS, LLC. LANDSCAPE ARCHITECTURE SERVICES IN THE STATE OF OHIO WILL BE PROVIDED BY CEC LANDSCAPE ARCHITECTS, LLC.

Civil & Environmental Consultants, Inc.
31 Bellows Road
Raynham, MA 02767
Ph: 774.501.2176
www.cecinc.com

WEAVERS COVE
1 NEW STREET
FALL RIVER, MASSACHUSETTS

LANGUAGES SPOKEN MAP

DRAWN BY:	AF	CHECKED BY:	MEE	APPROVED BY:	JPS	FIGURE NO.:	2
DATE:	NOVEMBER 2026	DWG SCALE:	1"=2,000'	PROJECT NO:	355-445		



LEGEND

- SITE LOCATION
- 1-MILE RADIUS

MA 2020 Environmental Justice Block Groups

- Minority: the block group minority population is >= 40%, or the block group minority population is >= 25% and the median household income of the municipality the block group is in is < 150% of the Massachusetts median household income
- Income: the block group median household income is 65% or less than the state median household income
- Language isolation: 25% or more of households do not include anyone older than 14 who speaks English very well
- Minority and Income
- Minority and English isolation
- Income and English isolation
- Minority, Income and English isolation

REFERENCE

1. BASEMAP FROM ESRI ACCESSED VIA AUTODESK, DATED NOVEMBER 5, 2026.
2. 2020 ENVIRONMENTAL JUSTICE BLOCK GROUPS DATA BASED ON DATA FROM THE CENSUS BUREAU'S AMERICAN COMMUNITY SURVEY TABLE C16001 VIA MASS.GOV.

SCALE IN FEET

0 2,000 4,000

ENGINEERING, SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTURE IN THE STATE OF NORTH CAROLINA WILL BE PROVIDED BY CEC SURVEYING AND LANDSCAPE ARCHITECTS OF NC, PLLC. SERVICES IN PUERTO RICO WILL BE PROVIDED BY CEC ENGINEERS & CONSULTANTS, LLC. LANDSCAPE ARCHITECTURE SERVICES IN THE STATE OF OHIO WILL BE PROVIDED BY CEC LANDSCAPE ARCHITECTS, LLC.

Civil & Environmental Consultants, Inc.
31 Bellows Road
Raynham, MA 02767
Ph: 774.501.2176
www.cecinc.com

WEAVERS COVE
1 NEW STREET
FALL RIVER, MASSACHUSETTS

ENVIRONMENTAL JUSTICE NEIGHBORHOODS MAP

DRAWN BY:	SBM	CHECKED BY:	MEE	APPROVED BY:	JPS	FIGURE NO.:	3
DATE:	NOVEMBER 2026	DWG SCALE:	1"=2,000'	PROJECT NO:	355-445		